Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ANA TILI
# HÁM
# OQÍW SAWATLÍLÍĞÍ

1-bólim

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinıń
1-klası ushın sabaqlıq

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw
ministrligi baspaǵa usınıs etedi

Jańa basılımı



TASHKENT – 2021

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK 811.512.121(075.3)
KBK 81.2(5Óz-6Кар)я71
O 60

**Dúziwshiler:**

**SH. ÁBDINAZIMOV, B. QUTLÍMURATOV,
Z. ISMAYLOVA, P. SALIEVA, G. QUTLÍMURATOVA**

**Pikir bildiriwshiler:**

**I. Q. Pirniyazov** – QRXBXQTQAAO oqıw hám ilimiy isler boyınsha direktor orınbasarı. Pedagogika ilimleri kandidatı, docent.

**A. Z. Ótemisov** – QMU qaraqalpaq til bilimi kafedrası docenti.

**G. Turdıqulova** – Nókis qalalıq 47-sanlı qánigestirilgen ulıwma orta bilim beriw mektebiniń baslawısh klass muǵallimi.

**D. Abdireyimova** – Nókis qalalıq 21-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń baslawısh klass muǵallimi.

Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı 1-bólim [TEKST]: 1-klass ushın sabaqlıq / Sh. Ábdinazimov [hám basqalar.]. – Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2021. – 104 b.

ISBN 978-9943-7299-0-2

UOK 811.512.121(075.3)
KBK 81.2(5Óz-6Кар)я71

**SHÁRTLI BELGILER:**


– tapsırma


– sáwbetlesiń


– sorawlarǵa juwap beriń


– eslep qalıń

Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.

Original maket hám dizayn koncepciyası
Respublikalıq bilimlendiriw orayı tárepinen islendi.

ISBN 978-9943-7299-0-2
© Respublika bilimlendiriw orayı, 2021

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

## MEN, SEN, OL HÁM OLAR

Meniń shańaraǵım .... 6





Kún tártibi .... 17

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Balalardıń jaqsı kóretuǵın bayramları .... 29



## TÁBIYAT INAMLARÍ



Jasıl planeta .... 41

Úy haywanları .... 60



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SAP DENEDE – SAP AQÍL

Paydalı miyweler hám palız ónimleri .... 79





Aq terek pe, kók terek .... 93

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MEN, SEN, OL HÁM OLAR

## MENIŃ SHAŃARAǴIM




Bul meniń shańaraǵım. Meniń shańaraǵımda toǵız adam bar. Atam, kempir apam, ákem, anam, ájaǵam hám ájapam bar. Mennen keyin bir qarındasım hám inim de bar. Biz júdá tatıw jasaymız.



***1-tapsırma.*** Súwret tiykarında sorawlarǵa juwap beriń.

Shańaraqta neshe adam jasaydı? Olar kimler?



***2-tapsırma.*** Sózlerge súwretlerden paydalanıp, qosımtalardı qosıp oqıń.

Seniń  ... ń,  ... ń bar ma? –

Seniń  ... ń,  ... ń bar ma? –

Seniń  ... ń,  ... ń bar ma? –



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***3-tapsırma.*** Sózlerge súwretlerden paydalanıp, qosımtalardı qosıp oqıń.

Bul men. 

Bul meniń ...  m,  ... m.

Bul meniń ...  m,  ... m.

Bul meniń ...  m,  ... m.

Bul meniń ...  m,  ... m.

## BAXÍTLÍ SHAŃARAQ





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Dostıńız benen sáwbetlesiń.



– Meniń atam – muǵallim.
– Meniń anam – tigiwshi.
– Menin ájaǵam – injener.
– Al meniń ájapam – shıpaker.
– ... ... ...

**Eslep qalıń**

Dawıslı sesler sanı 9 – a, á, o, ó, u, ú, ı, i, e
Juwan dawıslı sesler – a, o, u, ı
Jińishke dawıslı sesler – á, ó, ú, i, e

***2-tapsırma.*** Qosıqtı oqıń. Sanap kóriń hám shańaraqta neshew ekenligin tabıń.

## Neshew boldıq tabıńız?

Úsh úkem bar, ájapam
Kempir apam, ájaǵam
Aǵam, apam bárimiz
Neshew boldıq tabıńız?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Shańaraq aǵzaları ushın qaysı sóz kóbirek sáykes keletuǵınlıǵın aytıń.



miyrimli, shaqqan, kewilli, aqıllı, miynetkesh, bilimli, erke, ǵamxor, Qolı gúl tigiwshi

*Úlgi:* Atam – miynetkesh. Kempir apam – miyrimli. Anam – ..., Ákem – ...



***2-tapsırma.*** Gápler mazmunındaǵı qáteni tabıń.



1 Ájaǵam júdá kishkene hám erketay.
Yaq, ... júdá kishkene hám erketay.



2. Inim bizlerge ǵamxorlıq etedi.
Yaq, ... bizlerge ǵamxorlıq etedi.



3. Atam azanda erte azanǵı awqattı tayarlaydı.
Yaq, ... azanda erte azanǵı awqattı tayarlaydı.



4. Anam klasında eń úlgili oqıwshı.
Yaq, ... klasında eń úlgili oqıwshı.



Dawıslı sesler buwın jasaydı. Sózde neshe dawıslı ses bolsa, sonsha buwın boladı.
A-tam, a-ǵam, siń-lim, á-ja-ǵam



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KÚSH BIRLIKTE



Bir ákeniń úsh balası bolǵan eken. Ol balalarınna "urıspańlar, tatıw bolıń" dep násiyatlaydı eken. Biraq balalar kúnde bir-biri menen urısa beredi eken.

Bir kúni ákesi balaların qasına shaqırıp, hárqaysısına bir qushaq shıbıq beripti hám birimlep sındırıp kóriń depti. Aǵa-iniler shıbıqlardı demde sındırıp bolıptı.

Bunnan keyin bir qushaq shıbıqtı buwıp, endi usı turısına sındırıp kóriń – depti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Balalar qansha urınsa da buwılǵan shıbıqlardı sındıra almaptı. Sonda ákesi balalarına bılay depti:

Sizler de shıbıqlar sıyaqlısızlar. Birlikli, tatıw bolsańız heshkim sizlerdi jeńe almaydı. Al bir-birińizdiń aytqanıńızdı qılmasańız, sizlerdi qálegen adam jeńe aladı.

*Qaraqalpaq xalıq ertegi*

**Sózlik**

Násiyat – jaqsı jolǵa salıw, tárbiyalaw.
Shıbıq – aǵashtıń jińishke shaqası.
Jeńiw – utıw, qarsılasınan kúshli bolıw.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ákesi balalarına ne dep násiyat etetuǵın edi?
2. Balalar ne ushın bir qushaq shıbıqtı sındıra almadı?
3. Siz bul ertekten ne túsindińiz?



***2-tapsırma.*** Súwretlerden paydalanıp, qosımtalardı qosıp gápti oqıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# OLAR MAĆAN KIM BOLADÍ?



***1-tapsırma.*** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózdi qoyıp aytıń.

1. Jeńge  – meniń ájaǵamnıń ... .
2. Jezde – meniń ájapamnıń ... 
3. Dayı  – meniń anamnıń ... .
4. Jiyen – meniń anamnıń inisiniń ... 
5. Bóle  – meniń anamnıń sińlisiniń ...



***2-tapsırma.*** Tekstti oqıń. Teksten tuwısqanlıqtı bildiretuǵın sózlerdi tabıń.

**Dayıń ne asıp berdi?**

– Dayıńnıń úyine qıdırıp barıp keldiń be, balam – dep soradı atası aqlıǵınan.

– Awa, barıp keldim.

– Dayıń ne asıp berdi, jiyeni qıdırıp barǵanda janlıq-panlıq soyıp berdi me?

– Janlıq-panlıq soyǵan joq, biraq bir ılaǵın soyıp berdi.

*Á. Xalmuratov*

**Sózlik**

Janlıq-panlıq – eshkilerge aytıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***3-tapsırma.*** Sózlerdi buwınlarǵa bólip oqıń.

**A-ta-sı, aq-lı-ǵı, da-yı-sı, ji-ye-ni**

## KEMPIR APAM



Kempir apam bar meniń,
Kóp ertekler biledi.
Jıynap alıp bizlerge,
Ertek aytıp beredi.
Kóz áynegin taǵıp ol,
Kóyleklerdi tigedi,
Qurı otırǵandı ol,
Júdá jaman kóredi.

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Bul insan sizge kim boladı?
2. Ol biz ushın ne isleydi?
3. Ol haqqında aytıp beriń?
4. Siziń kempir apańız bar ma?

***2-tapsırma.*** Qosıqtan kóp noqattıń ornına háreketti bildiretuǵın sózlerdi qoyıp oqıń.

**Kempir apam** — ....
— ...
— ...

*Kerekli sózler:* **Biledi, aytıp beredi, tigedi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÁJAǴASÍN AYADÍ

Rayxan shańǵalaq shaǵıp jedi de shańǵalaqtıń sırtqı qabıqların jerge tasladı. Ájaǵası Baxtıyar úyden juwırıp shıqtı hám bilmey qalıp shańǵalaqtıń qabıqların basıp aldı.

Ayaqları qanadı hám Baxtıyar jılap jiberdi. Ájaǵasınıń jılaǵanına Rayxan da jıladı. Sebebi, ol ájaǵasınıń ayaǵı awırǵanına reyimi keldi. Oǵan sonshelli járdem bergisi keldi, biraq ne islerin bilmedi.

A. Irisov

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Rayxan ne qıldı?
2. Baxtıyar ne ushın jıladı?
3. Rayxan ne ushın jıladı.
4. Rayxan qanday qátelik isledi?
5. Siz ne islegen bolar edińiz?

**Sózlik**

Shańǵalaq – eriktiń ishindegi qattı dánesi.
Reyimi keldi – ayadı.

***2-tapsırma.*** Partalasıńız benen sáwbetlesiń. Qawsırmanıń ishindegi qaysı qosımtanı qollanıw kerekligin aytıń. Irkilis belgileriniń qoyılıwına itibar beriń. Sáwbetti dawam ettiriń.

– Seniń áke (ń, m) qay jerde isleydi?
– Meniń áke (ń, m) mektepte isleydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

– Seniń ana (ń, m) qay jerde isleydi?
– Meniń ana (ń, m) emlewxanada isleydi.
– Seniń ... (ń, m) qay jerde isleydi?
– Meniń ... (ń, m) ... isleydi.

## MENIŃ SAWǴAM



***1-tapsırma.*** Shańaraq aǵzalarıńızdıń hárbiri ushın qaysı sawǵa sáykes keletuǵınlıǵın aytıń.



## Men ushın eń jaqın insan...?



***2-tapsırma.*** Kóp noqattıń ornına kerekli sózlerdi qoyıń hám tolıqtırıń.

Men ushın eń jaqın insan , sebebi ...

Men ushın eń jaqın insan , sebebi ...

Men ushın eń jaqın insan , sebebi ...

Men ushın eń jaqın insan , sebebi ...



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Izin dawam ettiriń. Sizge shańaraq aǵzalarıńız qanshelli kerek ekenligin, hárbiri siz ushın qádirli ekenligin óz sózińiz benen aytıp beriń.



***3-tapsırma.*** Sózlerdi oqıń. Qaysı ses sózdiń mánisin ózgertedi?

| | | |
|---|---|---|
| M | e | n |
| S | e | n |

| | | |
|---|---|---|
| A | ǵ | a |
| A | n | a |

| | | |
|---|---|---|
| A | t | a |
| A | p | a |

## WATAN SHAŃARAQTAN BASLANADÍ



***1-tapsırma.*** Ózińizdiń shańaraǵıńız haqqında aytıń.



Shın qálbimnen súyemen,
Sózin oyǵa túyemen.
Gáp aytpayman qaytarıp,
Ata-ana aldında.

X. Saparov



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Súwretlerden paydalanıp, qosımtalardı qosıp gápti oqıń.



– m-dı



Men – m-dı — jaqsı kóremen.



– m-dı

## KÚN TÁRTIBI

Men azanda erte turaman. Kórpe-tósegimdi jıynayman. Háwlige shıǵıp, dene shınıqtırıw shınıǵıwların isleymen. Bet-qolımdı sabınlap juwıp, tislerimdi tazalayman. Azanǵı awqatımdı jep, mektepke jol alaman. Mektepte men oqıyman, jazaman, sáwbetlesemen. Mekteptegi sabaqlar tamam bolǵannan soń úyge qaytaman. Úy kiyimimdi kiyip, qollarımdı juwıp awqatlanaman. Túski awqatımdı jep bolǵannan soń doslarım menen oynayman. Soń úyge kelip, úy tapsırmasın tayarlayman. Kitap oqıyman. Ata-anama járdemlesemen. Keshki awqattan soń balalarǵa arnalǵan tele kórsetiwlerdi kóremen. Soń saat $22^{00}$ de uyqılayman.



***1-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıń hám sorawlarǵa juwap beriń.

1. Bala ne isleydi?
2. Siziń kún tártibińiz qanday?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Tekstten háreketti bildiretuǵın sózlerdi aytıń.

## BALA NE ISLEP ATÍR?



***1-tapsırma.*** Súwretlerge qarap gáp dúziń. Háreketlerdiń izbe-izligi menen aytıń.

**Azanda**



**Túste**



**Keshte**





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Saat neshe ekenligin aytıń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KÚN BÓLIMLERI

***1-tapsırma.*** Kún qanday bólimlerden turadı?



***2-tapsırma.*** Siziń háreketlerińiz kúnniń qaysı bólimlerine sáykes keletuǵınlıǵın aytıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Turaman, shınıǵıw isleymen, juwınaman, járdem beremen sıyaqlı sózler **háreketti** bildiredi.

## JAQSÍ BALA ATANSAŃ



Men kishkene balaman,
Ózimshe bir danaman.
Qay iste de órnekti,
Úlkenlerden alaman.

Jası úlkendi sıylayman,
Aytqan sózin tıńlayman.
Apam jumıstan kelgenshe,
Úkemler menen oynayman.



Turıp erte azanda,
Shınıǵaman taza hawada,
Juwınıp bet-qolımdı,
Júremen bárha azada.

Jumsaǵan jerge baraman,
Tawıqqa dán salaman.
Til alǵısh dep maqtasa,
Dım quwanıp qalaman.

Á. Ábdimuratov



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Qosıqtıń ishinde háreketti bildiretuǵın sózler bar ma?
2. Jaqsı bala bolıw ushın ne islew kerek?
3. Til alǵısh bala dep qanday balanı aytadı?



***2-tapsırma.*** Siziń bos waqtıńız kúnniń qaysı bólimine sáykes keledi? Bos waqtıńızda ne isleysiz?

Men (túste) ... oqıyman. Sonlıqtan (azanda) bos bolaman.

Men bos waqtımda ... (sport dógeregine) ... baraman.

Men (azanda) ... oqıyman. Sonlıqtan (tústen keyin) bos bolaman.

Men bos waqtımda (kitap) ... oqıyman. (sheber qollar dógeregine) ... baraman.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KÚN TÁRTIBI NE USHÍN ZÁRÚR?

Tártip degenimiz ne? Oqıwda, jámiyetlik orınlarda, awqatlanıwda belgili qaǵıydalarǵa súyenemiz. Biz hárqanday jumıstı islew ushın aldın orınlanıw tártibin belgilep alamız. Hárbir isti orınlawda onıń izbe-izligine itibar berip orınlasaq ǵana nátiyjege erisemiz. Demek kún tártibi de biz ushın áhmiyetli eken.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıń. Ózińizdiń kún tártibińiz haqqında aytıp beriń.

**jeti, tórt, bes, jigirma eki** sıyaqlı sózler zattıń sanın bildiredi. Olarǵa **neshe?, qansha?** sorawları qoyıladı.



***2-tapsırma.*** Eki dostıń sáwbetin oqıń hám ózińizdiń kún tártibińiz benen salıstırıń.

| | |
|---|---|
| **Azat.** Abat, mektepten qaytqan soń, úyge kel, birge futbol oynaymız. | **Abat.** Raxmet, dostım, ájaǵam menen bokske baraman. Búgin jarıs bar. |
| **Azat.** Onda keshqurın kele ǵoy. Parkte átkónshek ushamız. | **Abat.** Keshte awıldaǵı atamdı kóriwge baraman. Wáde berip qoyǵan edim. |
| **Azat.** Búgin bos emes ekenseń. Erteń birge sabaq tayarlasaq bola ma? | **Abat.** Boladı. Erteńgi kún tártibime kirgizemen. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JETI ǴARRÍ

Aymurat jetige kelgenshe, Sársen atasınıń arqasınan túspey, toyǵa barsa toyǵa barıp, awıldıń ǵarrılarınıń arasında ósti. Atası menen birge júretuǵın aq saqal, qara saqal ǵarrılardıń bárin birge oynap júrgen doslarınday jaqsı biledi. Sol Aymurat bıyıl atasınıń arqasınan túsip, mektepke bardı. Bir kúni Aymurat mektepten asıǵıp keldi de:

– Ata, ata – dedi. Biziń muǵallim sabaqqa jeti ǵarrı shaqıratuǵın boldı. Ishinde siz de barsız, – dedi. Sózleri bir-birine birikpey, asıǵıp, haplıǵıp sóylep ketken aqlıǵınıń sózine atası durıslap túsine almay:

– Balam-aw, anıqlap ayt, – dedi Aymurattıń shań-shań mańlayın súyip.

– Múǵallim mektepke birinshi kún Dúyshembi keledi, ekinshi kún Shiyshembi keledi, úshinshi kún Siz, Sárshembi keledi – dedi. Sonnan keyin gezek penen Piyshembi, Juma, Shembi, Ekshembi atalarım keletuǵın boldı. Siz kelesiz be, ata?

Sársen ata mushtay balasınıń arqasınan qaǵıp kúldi.

– O, ańqaw balam, durıslap túsinbegenseń ǵoy, Dúyshembi degen ǵarrınıń atı emes, kúnniń atı. Shiyshembi – ekinshi kún. Sárshembi men emes, ol da kúnnıń atı. Meniń Sársen bolıp júrgenim – usı sárshembi kúni tuwılǵanman. Basqa ǵarrılar da usınday. Kúlkisine shaqalǵan ǵarrı aqlıǵına jeti kúnniń atı – jónin túsindirdi.

Aymurat tuńǵısh ret qaraqalpaqsha kún atların usılay úyrendi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Aymurat atasına ne haqqında ayttı?
2. Jeti ǵarrı kim edi?
3. Ol hápte kúnlerin qalay úyrendi?



***2-tapsırma.*** Hápte kúnleriniń izbe-izligin tabıń hám atların aytıń.

Hápteniń birinshi kúni ...
Hápteniń ekinshi kúni ...
Hápteniń úshinshi kúni ...
Hápteniń tórtinshi kúni ...
Hápteniń besinshi kúni ...
Hápteniń altınshı kúni ...
Hápteniń jetinshi kúni ...

**Hápte kúnleri:**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BIZIŃ ASAN

Erte menen
Ózi turar.
Beti – qolın
Tisin juwar.
Kórgeninde
Kúlimleydi
Ókpelewdi
Hesh bilmeydi



Sh. Atamuratova



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Asan qanday bala?
2. Ne ushın “ókpelewdi hesh bilmeydi” dep táriyiplegen?
3. Ókpelew qanday ádet?
4. Qanday ádetlerdi jaqtırmaysız?



***2-tapsırma.*** Siz inińiz hám sińlińizdiń háreketlerin aytıp beriń.



Meniń sińlim ... , ... .



Meniń inim ... , ... .



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MENIŃ BOS WAQTÍM



***1-tapsırma.*** Súwretlerden paydalanıp, háptelik reje dúziń.








dúyshembi

shiyshembi







sárshembi

piyshembi







juma

shembi

ekshembi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***2-tapsırma.*** Jumbaqtı oqıń hám de juwabın tabıń.

Bir aǵashta on eki putaq,
Hárbirinde otız, otız bir japıraq,
Hár japıraqtıń bir jaǵı qara, bir jaǵı aq.

Juwabı: jıl, ay, kún, tún.



***3-tapsırma.*** Sanlardı sóz benen aytıń.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BALALARDÍŃ JAQSÍ KÓRETUĠÍN BAYRAMLARÍ

## MENIŃ TUWÍLĠAN KÚNIM



Tuwılǵan kúnim meniń búgin,
Kúlip júrmen, kúlip júrmen,
Dos balalar kelip atır,
Sawǵa ákep berip atır.
Kúlip más bolıp, Aysha keldi,
Bir aq ayıw alıp keldi.
Aydos keldi, Gúlzar keldi.
Bir-bir kitap ákeldi.

X. Saparov

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Qosıqta ne haqqında aytılǵan?
2. Tuwılǵan kúnge kimler keldi?
3. Kim qanday sawǵa ákeldi?
4. Ne ushın "Kúlip júrmen" deydi.
5. Siziń tuwılǵan kúnińiz qashan hám qanday ótedi?

***2-tapsırma.*** "Maǵan bayram unaydı" temasında sáwbetlesiń.

Dawıssız sesler 25
Olar únli hám únsiz bolıp bólinedi:
Únli dawıssız sesler: b, d, g, ǵ, j, l, m, n, ń, r, v, w, y, z
Únsiz dawıssız sesler: f, h, x, k, q, p, s, t, sh, c, ch

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BUL QAY MÁWSIM?

Qarǵa malınıp putalar,
Aq túske dóner toǵaylar.
Sıran suwıq baslanar,
Adamlar tońıp qaltırar,
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań, tap qáne?!

Izǵırıq samal esedi,
Ertelew qarańǵı túsedi.
Túnergen qara bultlardan,
Ǵarǵalar pálpellep ótedi,
Bul qay máwsim ayt qáne,
Tapqır bolsań tap qáne?!

Qar jawar keń dalaǵa,
Balalar oynar shanada,
Qulaq-murnı qızarıp,
Qar babalar soǵadı,
Bul qay máwsim ayt qáne,
Tapqır bolsań tap qáne?!

S. Embergenov

| | | | |
|---|---|---|---|
| Bul qaysı máwsim? | | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Qıs máwsimine qaysı aylar kiretuǵınlıǵın tabıń.

***2-tapsırma.*** Bul máwsimdegi bayramlardı aytıp beriń.




***3-tapsırma.*** Qıs ayında tuwılǵan shańaraq aǵzalarıńızdıń tuwılǵan kúnlerin belgileń.

**DEKABR**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 01 | 02 | 03 | 04 | 05 |
| 06 | 07 | 08 | 09 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

**YANVAR**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 01 | 02 | 03 |
| 04 | 05 | 06 | 07 | 08 | 09 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

**FEVRAL**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 01 | 02 | 03 | 04 | 05 | 06 | 07 |
| 08 | 09 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BUL QAY MÁWSIM?

Terekler bórtik jaradı,
Saylarda suwlar aǵadı.
Bultlar kóship aspanda,
Jamǵır sel-sel jawadı.
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań tap qáne?!

Jasıl dónip dalalar,
Gúl qulpırar hám baǵlar.
Aydınlarǵa suw túsip,
Kólge keler kóp quslar.
Bul qay máwsim ayt qáne,
Tapqır bolsań tap qáne?!

S. Embergenov

Bul qaysı máwsim?



***1-tapsırma.*** Báhár máwsimine qaysı aylar kiretuǵınlıǵın aytıń.





***2-tapsırma.*** Bul máwsimdegi bayramlardı aytıp beriń.














***3-tapsırma.*** Báhár ayında tuwılǵan shańaraq aǵzalarıńızdıń tuwılǵan kúnlerin belgileń.

**MART**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 01 | 02 | 03 | 04 | 05 | 06 | 07 |
| 08 | 09 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

**APREL**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 01 | 02 | 03 | 04 |
| 05 | 06 | 07 | 08 | 09 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

**MAY**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 01 | 02 |
| 03 | 04 | 05 | 06 | 07 | 08 | 09 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

## APAMNÍŃ BAYRAMÍ

Bayramı kúni apamnıń,
Erte turdım azanda.
Jaqsılap shay qaynatıp,
Awqat astıq qazanǵa.

Úydiń ishin tazalap,
Gúllerimdi jaynattım.
Shaqqan-shaqqan júrip tap,
Úkemdi de oynattım.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Kórip shójelerimdi,
Ílaǵıma ot saldım.
Quwanısh kernep ózimdi,
Taǵı-taǵı yoshlandım.

Mına etken isime,
Raxmet ayttı apam kóp.
Segizinshi mart kúnine
Aytalmappan sawǵam-dep

A. Seytjanov

**Sózlik**

Quwanısh kernep – quwanıp.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Bala qanday jumıslardı isledi?
2. Apası ne ushın raxmet ayttı?
3. Sizler 8-mart kúni qanday jumıslar isleysiz?



***2-tapsırma.*** "Shańaraǵımızda bayram" temasında sáwbetlesiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# “NAWRÍZ-BÁHÁR BAYRAMÍ”

Nawrız elimizde ǵárezsizlikke eriskenimizden keyin, qaytadan belgilene basladı.

Nawrız – báhár, jańalanıw bayramı bolıp esaplanadı. Sonıń ushın Nawrız elimizde úlken kóterińkilik penen kútip alınadı. Nawrız keliwi menen qala hám awıllarımız tábiyatı gózzallasadı.

Atızlar jasıl túske enedi, gúllerge búrkeledi.

Analarımız súmelek, gója sıyaqlı milliy awqatlar tayarlaydı. Balalardıń da báhárde súysinip oynaytuǵın oyınları kóbeyedi.

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Nawrız qanday bayram? Ol haqqında aytıp beriń.

***2-tapsırma.*** Súwretlerden paydalanıp “Nawrız – báhár bayramı” temasında sáwbetlesiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## BUL QAY MÁWSIM?

Qozı-ılaqlar mańırap,
Tayınshaq júrer shapqılap,
Tábiyat jasıl tús alar,
Gúbelek ushar hawalap,
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań, tap qáne?!

Suwdan shıqpay balalar,
Salma boyın jaǵalar.
Jasıl dóngen baǵlarda,
Uwıljıp piser almalar,
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań, tap qáne?!





Áptap ıssı qarasań.
Quyashqa talıqsıp qalasań.
Kún ótpes ushın adamlar,
Izler taldıń sayasın,
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań, tap qáne?!

S. Embergenov

| | | | |
|---|---|---|---|
| Bul qaysı máwsim? | | | |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Jaz máwsimine qaysı aylar kiretuǵınlıǵın aytıń.

***2-tapsırma.*** Bul máwsimdegi bayramlar



***3-tapsırma.*** Jaz ayında tuwılǵan shańaraq aǵzalarıńızdıń tuwılǵan kúnlerin belgileń.

**IYUN**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 01 | 02 | 03 | 04 | 05 | 06 |
| 07 | 08 | 09 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

**IYUL**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 01 | 02 | 03 | 04 |
| 05 | 06 | 07 | 08 | 09 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

**AVGUST**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 01 |
| 02 | 03 | 04 | 05 | 06 | 07 | 08 |
| 09 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BUL QAY MÁWSIM?

Solqım-solqım júzimler,
Miyweler pisip úziler.
Máwsimlerdiń aǵlası,
Bunnan keyin gúz keler,
Sarǵısh tartıp dalalar,
Túslikke qaytar tırnalar.
Múlgip turar tábiyat,
Eginin jıynar diyqanlar,
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań, tap qáne?!

Qońır samal esedi,
Daqıllar tolıq pisedi.
Kókte bultlar dizilip,
Jamǵır bop jawıp túsedi,
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań, tap qáne?!

Appaq-appaq paxtalar,
Atızda jawdırap ashılar.
Suwlar kesilip saylarda,
Túslikke ushar kóp quslar.
Bul qay máwsim, ayt qáne,
Tapqır bolsań, tap qáne?!

S. Embergenov

| Bul qaysı máwsim? | | | |
|---|---|---|---|

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Gúz máwsimine qaysı aylar kiretuǵınlıǵın aytıń.

***2-tapsırma.*** Bul máwsimdegi bayramlardı kalendardan kórsetiń.








***3-tapsırma.*** Gúz ayında tuwılǵan shańaraq aǵzalarıńızdıń tuwılǵan kúnlerin belgileń.

**SENTYABR**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 01 | 02 | 03 | 04 | 05 |
| 06 | 07 | 08 | 09 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

**OKTYABR**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 01 | 02 | 03 |
| 04 | 05 | 06 | 07 | 08 | 09 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

**NOYABR**

| D | SH | S | P | J | SH | E |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 01 | 02 | 03 | 04 | 05 | 06 | 07 |
| 08 | 09 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SAWǴA

Túrli gúller
Jıl hasılı.
Japıraqları
Jap-jasıl.
Sol gúllerden
Bir dáste
Alıp keldim
Gúldáste.

Átir iyisin
Taratar.
Xosh sezimler
Oyatar.
Qabıl etiń
Anajan.
Gúllerimdi
jaynaǵan.

Sh. Atamuratova



***1-tapsırma.*** Qosıqtı oqıń.

1. Sawǵaǵa ne tayarladı?
2. Tayarlanǵan ǵúldásteni kimge bermekshi?



***2-tapsırma.*** Jaqın insanlarıńızdı bayram yaki tuwılǵan kúnleri menen qutlıqlaw ushın bayram xatın tayarlań.

Úlgi: Qutlıqlaw

Húrmetli ...!
Men sizdi ... benen qutlıqlayman.
Sizge densawlıq, baxıt tileymen.
Sálem menen ... .





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# TÁBIYAT INAMLARÍ

## JASÍL PLANETA



***1-tapsırma.*** Súwretlerge qarap, tábiyat hádiyseleriniń aytıń.





***2-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Siz jasaytuǵın jerde qanday tábiyat hádiyseleri boladı?
2. Qaysı máwsimdi, ne ushın jaqsı kóresiz?
3. Nege biz tábiyat penen birge jasaymız?

Dawıssız sesler buwın jasay almaydı. Sózde bir neshe dawıssız ses qatnassa da bir dawıslı ses bolsa bir buwın boladı. Qant, klass, sport.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÁBIYIY ÓSIMLIKLER

Toǵaylarda, tawlarda, jaylawlarda, shóllerde yaǵnıy tábiyat qoynında ósetuǵın ósimlikler tábiyiy ósimlikler dep ataladı. Adamlar tárepinen egilip, tárbiyalanatuǵın ósimlikler mádeniy ósimlikler bolıp esaplanadı. Ósimlikler ot-shóp, puta hám tereklerge bólinedi.

Ot-shópler, tiykarınan jaylaw hám shóllerde ósedi. Say boylarında hám atız shetlerinde de ot-shópler qalıń bolıp ósedi. Bul jerlerde atqulaq, sarıshóp, ajırıq, ayıwtaban, boyan, jantaq sıyaqlı shóplerdi ushıratıw múmkin.

Bul shóplerdiń ayırımları dárilik shópler esaplanadı. Mısalı, atqulaq japıraqları adamnıń jara, kúygen yamasa hárre shaqqan jerine qoyıladı. Japıraqlarınan shamallaw, asqazan hám ishek keselliklerin emlewde paydalanıladı. Jantaq hám sarı shópler de dárilik ósimlikler bolıp esaplanadı. Sarı shóptiń paqalınıń ishinde sút sıyaqlı aq shiresi bolıp, onnan dári tayarlanadı.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Mádeniy ósimlikler degenimiz ne?
2. Qanday ósimlikler dárilik shópler retinde paydalanıladı?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*2-tapsırma.* Kóp noqattıń ornına zattıń atın bildiretuǵın sózlerdi qoyıp aytıp beriń.

... tiykarınan jaylaw hám shóllerde ósedi. Say boylarında hám atız shetlerinde de ... qalıń bolıp ósedi. Bul jerlerde ..., ..., ..., ..., ... sıyaqlı shóplerdi ushıratıw múmkin.

## BÁHÁR BASLANDÍ

Mart ayında kúnler ısıy basladı. Qarlar tez erip ketti. Tońlar jibidi. Qurt-qumırsqalar háreketlene basladı. Jap-salmalarda suwlar aqtı. Jıllı úlkelerge qıslawǵa ketken quslar úlkemizge ushıp keldi. Há demey-aq jer betin kók shópler qapladı. Gúller ashıldı. Quslardıń sayraǵan dawısları jaǵımlı esitiledi. Tábiyat uyqıdan oyandı.

*1-tapsırma.* Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ne ushın báhárde tábiyat oyandı deymiz?
2. Qaysı quslar báhárde ushıp keledi?
3. Úlkemizde qıslap qalatuǵın quslardı bilesiz be?
4. Báhárde jáne qanday ózgerislerdi sezdińiz?

*2-tapsırma.* Súwretlerge qarap báhár qubılısların izbe-izlikte aytıń.

1. Toń jibidi.
2. Ísıp ketti.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




# QARLÍǴASH



Eń birinshi báhárde,
Eglenbesten hesh jerde,
Awılǵa hám sháhárge
Ushıp keler qaysı qus?
Ayrı quyrıq jıltır bas,
Tamaǵı aq qarlıǵash!




Úyge kirgen ol tikke,
Ózi kóngen tártipke,
Uya salǵan pátikke,
Bileseń be qaysı qus?
– Kelse deydi, – Esikti ash!
Adamǵa dos qarlıǵash.

Sımǵa qonǵan dizilip,
Hámme qarar, qızıǵıp.
Úyden ketpey bezigip,
Taǵı kelgen qaysı qus?
Palapanın etpes ash,
Mehriban qus – qarlıǵash!

Sh. Atamuratova

**Sózlik**

Pátik – jaydıń joqarı bólegi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Qarlıǵash qanday qus?
2. Ol úlkemizge qashan ushıp keledi?
3. Ol uyasın qay jerge saladı?
4. Qarlıǵashtı ne ushın adamǵa dos dep esaplaydı?

***2-tapsırma.*** Qosıqtan qanday? degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi terip aytıń.

Ayrı quyrıq, ...

## NÁLSHE

Báhár keldi, qolǵa,
Bel alıp dárhal,
Salma jaǵasına,
Otırǵızdım nál.

Kóp ótpey jap-jasıl,
Búrtik kórsetti.
Oh, qanshelli sonda
Quwanıp kettim.

Ol jazda kórkeyip,
Saya molaytar.
Hám maǵan adamlar
Raxmet aytar.

K. Karimov





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Bala báhárde ne otırǵızdı?
2. Ol ne ushın quwandı?
3. Oǵan adamlar raxmet aytıwınıń sebebi nede dep oylaysız?
4. Siz báhárge qanday tayarlıq kórdińiz?
5. Úy qaptalına ne ekpekshisiz?



***2-tapsırma.*** "Awa", "Yaq" shınıǵıwı. Gáplerdi oqıń. Olarǵa "awa" yamasa "yaq" dep juwap beriń.

Báhárde qar jawadı. – ... (awa/yaq)

Quslar jıllı jaqlardan ushıp keledi. – ... (awa/yaq)

Salmalarda suwlar muz bolıp qatadı. – ... (awa/yaq)

Kók shópler sarǵaya baslaydı. – ... (awa/yaq)

Balalar arsha aǵashın bezep, quwanadı. – ... (awa/yaq)

## JURTTÍŃ BÁRI JUMÍSTA

**Bala:** Kel, at, ekewimiz oynayıq.

**At:** Joq, qaraǵım oynawǵa meniń waqtım joq. Meniń jer aydawım kerek, xojayınıma xızmet etip ırısqı tabıwım kerek, sen óziń-aq oynay ber.

**Bala:** Hay, pal hárresi! Júr, ekewimiz oynayıq.

**Pal hárresi:** Joq, meniń jumıslarım bar. Jaz ayları tez ótip ketedi. Gúzge deyin túrli gúllerden pal jıynap shıǵıwım kerek. Óziń-aq oynay ber.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Bala:** Háy, qus, kel ekewimiz oynayıq.

**Qus:** Joq bala, meniń oynawǵa waqtım joq. Palapanlarım ushın qurt-qumırısqa uslap keliwim kerek.

**Bala:** Mennen basqanıń bári jumısta eken. Men de mektebime baraman.





***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Bala oynaw ushın birinshi qayda baradı?
2. Pal hárresi ne ushın bala menen oynaǵısı kelmedi?
3. Qus balaǵa ne dep juwap berdi?
4. Siz qay waqıtta oynaysız?



***2-tapsırma.*** At, qus hám pal hárresiniń qanday jumıs isleytuǵınlıǵın aytıp beriń.

....,  ....,  .... . 



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BÁHÁRDIŃ DÁSLEPKI QUSÍ

Erte báhárde eń dáslep kishkene shaqqan, uzın quyrıqlı, kórkem ǵana bir qustı kóresiz. Onıń bası hám moynı qara, tósi qońırlaw, arqası, qanatları hám uzın, quyrıǵı kókshillew boladı.

Ol júdá háreketsheń shoq qus. Ol basın, ási-rese, quyrıǵın úzliksiz silkip, sharshamastan hár tárepke juwıradı.

Ol birden aspanǵa kóteriledi, taǵı jerge túsedi. Mayda adımları menen tez juwırıp ketedi.

Bul qustı qaratamaq dep ataydı. Qaratamaq báhárdiń birinshi qusı. Ol bizge uzaq jerlerden ushıp keledi. Qaratamaq qıstı jıllı jaqlarda ótkeredi. Ol mayda, zıyanlı jánliklerdi jep, adamǵa payda keltiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Qaratamaq bizge qay jerlerden ushıp keledi?
2. Ol adamlarǵa qanday payda keltiredi?
3. Onıń túr-túsi qanday?
4. Ol qanday háreketler isleydi?

***2-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

*1-topar ushın.*

Qaratamaq qanday qus?

*(Shaqqan, háreketsheń, shoq)*

Qaratamaqtıń túr-túsi qanday?

*Quyrıǵı ... (uzın, kókshillew)*

basıı hám moynı ... (qara)
tósi ... (qońırlaw)
arqası, qanatları ... (kókshillew)

*2-topar ushın*

Háreketlerdi bildiretuǵın sózlerdi tabıń hám aytıp beriń.

Basın, quyrıǵın úzliksiz silkip, sharshamastan hár tárepke juwıradı.

Ol birden aspanǵa kóteriledi, taǵı jerge túsedi. Mayda adımları menen tez juwırıp ketedi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## PAL HÁRRESI QALAY PAL JÍYNAYDÍ

Pal hárresi paldı gúllerden aladı. Olar quyashtı jaqsı kóredi. Arnawlı jasalǵan uyada alpıs mıńǵa shekem pal hárresi jasaydı. Shańaraqta bir ana, júzden aslam erler hám mıńlap jumısshı hárreler boladı. Úy sharayatında bir pal hárre uyasınan 15–20 kg pal alınadı. Uyanı jerden kóterip qoyıw kerek, sebebi jánlikler uyaǵa zıyan tiygiziwi múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# PAL HÁRRESI



Keshegidey búgin de,
Baqtım sol pal hárresin.
– Júr – dedim, kórseń-úkeme,
Ushtı birden zárresi.

Shaqpaydı ǵoy desem de,
Izimnen sirá ermedi.
– Jeyseń be? – desem palınan,
Quwandı ol – ber – dedi.

X. Saparov

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Pal hárresi qalay pal jıynaydı?
2. Sizler pal hárresi baǵılatuǵın orındı kórdińler me?
3. Úkesi ne ushın pal hárreden qorqtı?

***2-tapsırma.*** Jumbaqtı oqıń hám juwabın tabıń.

Hár tárepke ushadı,
Gúl pópegin qushadı,
Kúni menen tapqanın,
Bir ıdısqa qosadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TEREK HÁM JAPÍRAQ

Bir kúni terek japıraqlarına: – Adamlar meniń sayamda otırıp dem aladı. Hámme meni jaqsı kóredi, – dep maqtanıptı. Bunı esitken japıraqlardıń ashıwı kelipti de terekke;

– Sen kimniń arqasında usınday suluw kórinisteseń – álbette bizlerdiń. Ele aldımızda gúz, qıs ayları bar. Sonda seniń halıń belgili boladı, – depti kek etip.

Waqıt ótip, gúz de kelipti. Sonda japıraqlar sarǵayıp túse baslaptı. Terek bolsa sıp-sıydam bolıp, bir ózi qalıptı. Japıraqları bolmaǵannan soń,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

onıń sayası joǵalıp, sáni de qalmaptı. Aradan aylar ótip, báhár máwsimi de jetip kelipti. Terek japıraqlarına sóylegen sózlerin eslep, pushayman bolıp turǵan waqıtta, terekten búrtikler shıǵıptı da, japıraqlarǵa aylanıptı. Terek bolsa bunnan quwanıp ketipti hám japıraqlarına maqtanbaytuǵın bolıptı. Jáne olar doslasıp, birge jasay baslaptı. Terek kúnnen-kúnge japıraqlar menen tolısıp, sulıw túske enipti. Adamlar bolsa, onıń sayasında jáne ház etip dem alatuǵın bolıptı.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Terek japıraqqa ne dedi?
2. Japıraqlar oǵan ne dep juwap berdi?
3. Ne ushın terektiń japıraqları túsip qaldı?
4. Sizler ne deysız? Terektiń pikiri durıs pa, japıraqtıń pikiri me?



***2-tapsırma.*** Jumbaqtı oqıń hám sheshimin tabıń.

**Bul ne balalar?**

1. Topıraqqa tutasqan,
   Úy aldına jarasqan.

2. Jazda kiyinedi,
   Qısta sheshinedi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BAǴMAN MENEN BALALAR

Sayıt ata kóp jıldan beri baǵmanshılıq etedi. Onıń baǵına barsań shıqqıń kelmeydi. Hár jılı baǵdan mol zúráát aladı. Balalar Sayıt atanıń baǵına bardı. Sayıt balalardı baǵdaǵı ósip turǵan aǵashlar menen tanıstırdı.

– Mınalar, ánjir, júzim, qárelı, erik, shabdal-miywe aǵashları. Mınalar aq terek, qaratal, gújim-jemıssız aǵashlar dedi. Bir bala mınalar ne ata dep ósip turǵan gúllerdi kórsetti.

– Bular gúller, balalarım. Mınaw qıp-qızıl bolıp turǵan qızılgúl, mınaw sarigúl, páshekgúl, naz-baygúl dedi. Bulardıń barlıǵı da tuqımnan óse-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

di. Tuqımı gúzde pisedi. Balalar, sizler keleshektiń bağmanısızlar, baǵ egiń, gúl egiń. Mektepke, úyinizge gúl kógertiń. Olardıń densawlıqqa úlken paydası bar – dedi.

Balalar gúzde kelip gúllerdiń tuqımın jıynastı. Gúldiń, náldiń qalay egiliwin baǵmannan úyrendi. Báhár shıǵıwı menen mektepke miywe aǵashları menen gúl ekti. Sayıt ata kelip balalarǵa

– Raxmet, balalarım! Baǵ penen gúl egiwdi ózlerińiz dawam ettire berińler, – dedi.

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Sayıt ata kim edi?
2. Ol qanday jemisli aǵashlar menen tanıstırdı?
3. Gúldiń qanday túrlerin bilesiz?
4. Balalar Sayıt aǵadan ne úyrendi?
5. Úyińizdiń aldına qanday gúllerdi ektińiz?

***2-tapsırma.*** Qanday miywe ekenin tabıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# AQÍLLÍ BAǴMAN

Shóllerde baǵ dóretken,
Eli-xalqın shad etken,
Baǵman ata bar edi,
Úsh ul baǵıp ósirgen.

Talap etip húrmetti,
Islemey hesh miynetti,
Úsh ulı da baǵmannıń,
Jalqaw bolıp er jetti.

Ótken sayın kún hám ay,
Ulların oylay-oylay,
Baǵman ata tosattan,
Jatıp qaldı turalmay...

– Perzentlerim, shıraǵım,
Tómenledi awhalım,
Wásiyatım sizlerge,
Altın gúze qaldırdım.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gúze baǵdıń ishinde,
Teń bólińler úshewge,
Izlep, izlep tabasız,
Kómgen edim, tereńge.

Balalar boldı hayran,
Kúnler ótti aradan,
Izinde baǵ qaldırıp,
Baǵman ótti dúnyadan.

Orınlap wásiyattı,
Hám tıńlap násiyattı,
Perzentleri baǵmannıń,
Altındı izlep taptı.

Tabılmasa da gúze,
Jumıs berdi nátiyje,
Baǵdan kelgen altınǵa,
Toldı gúze bir neshshe...



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Soraw hám tapsırmalar.

1. Baǵman ananıń neshe ulı bar edi?
2. Balalar qanday bolıp er jetti?
3. Baǵman balalarına qanday wásiyat etti.
4. Balalar gúzedegi altındı taba aldı ma?

***2-tapsırma.*** "Miynet – baxıt egizek" degen qatarlardıń mánisin túsindirip beriń.

## TÁBIYATQA ZÍYAN KELTIRMEYIK

***1-tapsırma.*** Súwretlerge qarap, tábiyatqa zıyan tiygizetuǵın zatlardıń atların aytıń.










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***2-tapsırma.*** Súwretlerge qarap, tábiyattı qorǵaw ushın ne islewimiz kerek ekenligin aytıń.



## SUWDÍ ZAYA QÍLMAYMÍZ

Erip appaq qarlardan,
Aǵıp keler tawlardan.
Map-mazalı taza suw,
Janımızǵa shıpa suw.

Ana jerdiń qanı ol,
Tábiyattıń janı ol,
Suwdı zaya qılmaymız.
Tábiyattı qorǵaymız,



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Suwlar qaydan keledi eken?
2. Suwdı zaya etiw degende qanday háreketlerdi túsinemiz?
3. Suwdı zaya etpewge biz qanday úles qosa alamız?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JANLÍ MÚYESH
## ÚY HAYWANLARÍ

Úlkemizde úy haywanları adam jasaytuǵın barlıq jerlerde ushırasadı. Adamlar sıyır, qoy, at, túye, eshki, iyt, pıshıq, qoyan sıyaqlı haywanlardı úyde baǵadı. Sonlıqtan da olardı úy haywanları dep ataydı.

Úy haywanları adamǵa payda keltiredi. Olar azıq-awqat ónimleri hám teri, jún alıw ushın baǵıladı. Bunıń ushın fermer xojalıqları shólkemlestirilgen. Atlar kólik wazıypasın atqarǵan. Atlar, qara mallar hám qoylar gósh, sút ushın da baǵıladı. Sıyırlar ortasha 15–20 jıl, qoy ortasha 10–15 jıl jasaydı. Qoylardıń júninen jip iyirilip kiyim-kenshek toqıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Úy haywanlarına qaysılar kiredi?
2. Úy haywanları ne ushın baǵıladı?
3. Sizler úyińizde qaysı haywanlarǵa ǵamxorlıq etesiz?
4. Úy haywanlarınıń atların durıs aytıń.

***2-tapsırma.*** Jumbaqlardıń sheshimin tabıń.

Ózi qayshı qulaqlı,
Terisi mamıq jup-jumsaq,
Setem alsa hayt qoyǵan,
Mákanı joq turaqlı.

Basında eki tayaǵı,
Tórtew eken ayaǵı,
Segiz onıń tuyaǵı,
Iyeginde saqalı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TAWÍP ALDÍM PÍSHÍQTÍ



Tawıp aldım pıshıqtı,
Úyimizdiń aldınan,
Kip-kishkentay, dım jaqsı,
Túsirmeymen qolımnan.

Apam keldi jumıstan,
Qaydan aldıń – dedi ol,
Alǵan bolsań qay mannan
Aparıp qoy, tezden, bol.



Baqırsa da ol maǵan,
Pıshıǵımdı ayadı,
Sútti quyıp qırmaǵa,
Ishkiz – dedi, quwmadı.

Úy ishiniń barlıǵı,
Onı jaqsı kóredi.
Kórinbese pıshıǵım,
Apam izlep júredi.

Sh. Atamuratova



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Pıshıqtı qay jerden tawıp aldı?
2. Anası dáslep ne dedi?
3. Daladan, tanıs emes pıshıqtı úyge kirgizgeni durıs pa?
4. Siz pıshıqqa qanday qatnas jasaǵan bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Súwretlerge qarap úy haywanlarına qoyılatuǵın atlar haqqında sáwbetlesiń.



Úlgi: Iytke qoyılatuǵın at – Jollı, Aqtırnaq...



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Súwretlerdiń ishinen úy haywanları hám jabayı haywanlardı ajıratıp aytıń.



**1. Úy haywanları ...., ... , ... , ... , ... ,**
**2. Jabayı haywanlar ... , ... , ... , ... ,**

***2-tapsırma.*** Úy haywanları haqqında jańıltpashlardı jańılmay aytıp kóriń.

* * *

At balasın tayınshaq deydi,
Qoy balasın qozıshaq deydi,
Túye balasın botalaq deydi,
Túlki balasın ne deydi?!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

* * *

Qaljanbay qoyanǵa qaqpan qursa,
Keshlew qaqpańǵa qasqır tústi.

* * *

Bes qoshantay bes jaqqa,
Shawıp ketti otlaqqa,
Kúshi jetpey Abat ta,
Jılap júrdi otlaqta.















*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TAY

Tay, tay tay eken,
Otlaǵanı say eken,
Mańlaydaǵı qasqası,
Aynımaǵan ay eken.

Taylar ele jas eken,
Boyları da pás eken,
Arǵımaq at bolǵan soń,
Minip shapqan ház eken.

Tay, tay, tay eken
Tayǵa jaylaw jay eken.
Shapqılasqan taylarǵa,
Awılımız bay eken.

Taylar házir taǵasız,
Ósse taǵa qaǵamız,
Qanazat at bolǵansha
Álpeshleymiz, baǵamız.

Sh. Seytov

**Sózlik**

Tay – attıń balası.
Taǵa – attıń tuyaǵına qaǵılatuǵın temir.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Tay qaysı úy haywanınıń balası?
2. Taylar ne ushın baǵıladı?
3. Taydı sıpatlaytuǵın sózler qaysılar?

***2-tapsırma.*** Súwretlerge qarap attıń insanǵa xızmeti haqqında sáwbetlesiń.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BUZAWÍM



Jıllı orın qorası,
Úyge jaqın arası,
Emip bolıp anasın,
Oynaqlaydı buzawım.
Qasımnan shawıp ótedi,
Bar usınday ádeti,
Júni jılt-jılt etedi,
Semiz baqqan buzawım.

X. Saparov



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Buzaw – qaysı úy haywanınıń balası?
2. Buzawdı sıpatlaytuǵın sózler qaysılar?



***2-tapsırma.*** Kóp noqattıń ornına haywanlardıń háreketlerin qoyıp gáp dúziń.



. . . .



. . . .



. . . .



. . . .



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# OPALÍ IYT



Bir adamnıń iyti bar edi. Ol júdá qartayǵanlıqtan xojayınınıń úyin jaqsılap qorıy almay qaldı. Iyesi iytti suwǵa atıp jibermekshi bolıp, dárya boyına alıp baradı. Iyttiń moynına tas baylap qayıqqa saladı hám suwdıń ortasına kelip, iytti iyterip jiberedi. Tas jipten sırǵalıp túsip, suwǵa batıp ketti. Iyt qayıqtıń izinen júzip kele berdi. Adam iytti eskek penen urmaqshı bolǵanda, ózi suwǵa jıǵılıp ketti. Ol júziwdi bilmeytuǵın edi, suwǵa mantıǵa basladı. Iyt adamǵa jaqın kelip onıń kiyiminen tisledi.



Iyt hálsiregen bolsa da, iyesin suwdıń júzinde tislep tura berdi. Sol waqıtta jaǵadaǵı adamlar járdemge keldi. Qayıq penen kelip adamdı da, iytti de qutqardı. Adam óziniń isine ókinip jılap jiberdi hám iytin ómiriniń aqırına shekem baqtı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Audiotekstti tıńlań hám mazmunın aytıp beriń.

***2-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Adam iytti ne ushın óltirmekshi boldı?
2. Iyt qalay ólmey qaldı?
3. Iyt adamǵa ne ushın járdem berdi?
4. Siz adamnıń ornında bolǵanda ne qılar edińiz?

***3-tapsırma.*** Jumbaqtıń sheshimin tabıń.

Bir haywan bar esikte,
Qarawıllıq kásipte,
Tanısların qıynamas,
Tanımasın sıylamas.



## DÚNYADA NE KÚSHLI?

Mal qora jaqtan ájeptáwir dawıs esitildi. Baylawlı turǵan buzaw járdemge shaqırıp atırǵanday móńirep atır. Juwırıp barsaq, jaqında shóje shıǵarǵan tawıq buzawǵa aybat shegip múyeshke tıǵıp taslaptı. Tawıq gá shoqıydı, gá pánjeleri menen tebedi. Buzawdıń ayaǵı astında tawıqtıń shójesi júripti. Kirttay tawıqqa úp-úlken buzaw heshnárse ete almay tur. Al ana tawıq buzawdıń súzgeninen qaytatuǵın emes. Tawıqtı quwıp, buzawdıń qasınan shójeni aldıq. Dúnyada ana muhabbatınan kúshli nárse joq eken, – dep hayran qaldıq.

R. Ernashova



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Buzaw nege móńiregen eken?
2. Tawıq ne ushın buzawǵa topılǵan?
3. Úy haywanların baqlań, olardıń óz balalarına qanday ǵamxorlıq etetuǵınlıǵın aytıp beriń.

***2-tapsırma.*** Haywanlardıń atlarına itibar beriń hám durıs yaki nadurıslıǵın anıqlań.

| | | |
|---|---|---|
| Sıyırdıń balası | buzaw | Durıs/ nadurıs |
| Qoy balası | tay | Durıs/ nadurıs |
| At balası | kúshik | Durıs/ nadurıs |
| Iyt balası | qozı | Durıs/ nadurıs |
| Tawıq balası | shóje | Durıs/ nadurıs |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# PÍSHÍQ NE SEBEP TAMAQ ISHIP BOLÍP JUWÍNADÍ?

(ertek)

Ótken zamanda bir pıshıq kunshuwaqta jatıp ház etıp otırǵan eken. Bır torǵay esik aldına kelip jayıla baslaptı. Pıshıq torǵaydı kórip ańlıwǵa kirisipti. Torǵay bunnan xabarsız tapqan dánıne waqtı xosh bolıp, kem-kem pıshıqqa jaqınlap jayıla beripti. Qolayǵa keltirgen pıshıq torǵaydı qaǵıptı da alıptı. Endi jewge kirisip atırǵanda torǵay pıshıqqa qarap:

– Men bir taza júretuǵın qus edim. Seniń qolıńa túsip qaldım. Sen meni sózsiz jeyseń. Sizden bir ótinishim bar. Meni bet-qolıńdı juwıp, tazalanıp jeseń qalay bolar edi? – depti.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul ótinish pıshıqqa kútá maqul túsipti de, torǵaydı erkine qoyıp juwına baslaptı. Tap usını kútip turǵan torǵay ushıp ketipti. Torǵaydan ayırılıp qalǵan pıshıq endigiden bılay awqatlanıp bolıp juwınaman dep shárt etipti. Sonnan baslap pıshıqlar awqatlanıp bolıp juwınatuǵın bolıptı.





***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Torǵay pıshıqqa ne dedi?
2. Pıshıqtıń háreketleri haqqında ne bilesiz?



***2-tapsırma.*** Tekstten paydalanıp, súwretlerdegi haywanlarǵa tán bolǵan belgilerdi qoyıp gáp dúziń.



... , .... , ... .



... , ... , ... .



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ARÍSLAN HÁM KÚSHIK

Londonda haywanatlar baǵında xalıqqa jabayı ańlar kórsetiletuǵın edi. Onı kóriwge barǵanlar aqsha tóleydi, geyde aqsha ornına iyt penen pıshıqtı da alatuǵın edi. Olar jabayı ańlarǵa tamaq ushın beriletuǵın edi.

Bir kúni bir adam sol jabayı ańlardı kórgisi kelip, kósheden bir kúshikti uslap aldı da, haywanatlar baǵına keldi. Haywanatlar baǵınıń iyesi ol adamnan kúshikti aldı da, onı arıslan turǵan torǵa ılaqtırıp jiberdi. Arıslan kúshiktiń qasına kelip, iyiskep kórdi. Kúshik bolsa, arıslanǵa erkeledi, átirapında aylanıp juwırdı, shalqasına túsip ayaqların kóterdi, quyrıǵın bılǵańlattı. Baǵ iyesi arıslanǵa gósh taslap edi, arıslan onnan bir bólegin kúshikke berdi. Keshte arıslannıń qasında kúshik te uyqıladı. Solay etip, kúshik penen arıslan bir torda ómir keshirdi. Kúshik úlken iyt boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aradan birneshe jıllar ótti. Bir kúni iyt qattı awırdı. Basın kótere almay, tamaq jemey jatıp qaldı. Arıslanda tamaq jemey, iytti qayta-qayta iyiskedi, biraq iyt ornınan turmadı. Arıslan onıń ólgenin bildi hám qasına kelip jattı. Haywanat bağınıń iyesi basqa bir kúshik ákelip arıslannıń qasına jiberdi. Biraq arıslan onı tislep alısqa ılaqtırıp jiberdi. Iyttiń sońğı jatqan ornın iyiskeledi de sol jerge barıp jattı hám qaytıp ornınan turmadı. Birneshe kúnnen soń arıslan da dúnyadan ótti.



***1-tapsırma.*** Audiotekstti tıńlań hám mazmunın aytıp beriń.



***2-tapsırma.*** Sorawlarğa juwap beriń.

1. Adam kúshikti haywanat bağına ne ushın alıp kelgen edi?
2. Arıslan kúshikti ne ushın jemedi?
3. Arıslan menen kúshiktiń doslığı...
4. Bul waqıya sizlerge qanday tásir etti?



***3-tapsırma.*** Súwretlerdegi haywanlarğa tán bolğan belgilerdi qoyıp gáp dúziń.



Jırtqısh, úy haywanı, kúshli, opadar, dos, jabayı, úydi qorğaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚYE

Túye – eń shıdamlı haywan. Olardıń boyı 2–3 metr bolıp, júdá úlken boladı. Olardıń eki túri bar, bir órkeshli hám eki órkeshli. Túyeler óz awırlıǵınıń yarımına teń júkti kóteriwge kúshi jetedi. Sonday-aq, uzaq jollarda suwsızlıq hám ashlıqqa shıdamlı boladı.

Túyeler úyir bolıp yamasa bólek-bólek júre aladı. Bul olardıń qanday jaǵdayda jasap atırǵanına baylanıslı. Ádette, jantaq hám basqa da tikenli shópler menen azıqlanadı. Túyeler tiykarınan, Aziyada keń tarqalǵan bolıp, shóllerde jasawǵa beyimleskeni ushın da "Sahra kemesi" degen atqa jetisken.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Túyeniń boyı qansha eken?
2. Awırlıǵı qanday?
3. Ol qansha júk kótere aladı?
4. Ol ne menen awqatlanadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Oqıń. Berilgen súwretlerden paydalanıń.

Úylerimizde  baǵıladı. Ol kóp  berdi. Túyeniń sútinen  tayarlanadı. Túyeniń súti de, shubatı da insan densawlıǵı ushın júdá paydalı.

## JAYLAWDA

Jazda bardım jaylawǵa,
Jaylaw sulıw jer eken.
Shopan dayım ol manda,
Qoyın baǵıp júr eken.

Jaylaw keshi dım qızıq,
Óristen qoylar qaytqanda,
Taw artına boy sozıp,
Qızarıp quyash qaytqanda.

Hámme jaq, jasıl, kók-kómbek,
Kóp eken, hám de bulaqlar.
Sekirip oynap, quwısqan,
Qoshantay menen ılaqlar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Bala qay jerge baradı?
2. Jaylawda nelerdi kórdi?

***2-tapsırma.*** Jańıltpashtı aytıp kóriń.

Altı qozı aq qozı,
Qızıl qozı saq qozı,
Aqsaq qozı qarası,
Alası bar taq qozı,
Qansha boldı qarashı,
Qozılardı sanashı?

## Bekkemlew

***1-tapsırma.*** Krossvordtı sheshiń.

1. Úy haywanlarına neler kiredi?
2. Iyt ne ushın adamǵa dos?




***2-tapsırma.*** Suw haqqında sáwbetlesiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## SAP DENEDE – SAP AQÍL

## PAYDALÍ MIYWELER HÁM PALÍZ ÓNIMLERI

### ALMA



Apam alma ákeldi.
Satıp alıp bazardan.
Qanday dersiz siz endi.
Uwıljıp qızarǵan.
Ózi iri taǵı kóp.
Bárimizge jetedi
Hesh jerinde daǵı joq.
Kóziń qızıp ketedi.
Birden ala-tapırlı,
Talampaysha bas saldıq.
Sabır edi sabırlı,
Birewimiz bos qaldıq...
– Asıqqanday nesi bar?
Jetpey qalar demeydi.
– Sabırımnıń esi bar,
Juwılmasa jemeydi.

Ya. Muratov



*1-tapsırma.* Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Anası bazardan ne ákeldi?
2. Balalar ne ushın asıqtı?
3. Sabır ne ushın asıqpadı?
4. Ne ushın almanı juwıp jew kerek?



*2-tapsırma.* Miywelerdiń atların aytıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# VITAMINLER HAQQÍNDA NE BILEMIZ?

## VITAMINLER

Vitamin sózi latın tilinen alınıp, vita – ómir, amin – zárúr degen mánisti ańlatadı.

Ol biologiyalıq zat bolıp, organizmde zat almasıwında qatnasadı, organizmniń jasawı ushın júdá kerek. Vitaminlerdiń 40 tan aslam túrleri bolıp, olardıń hárbiriniń organizmde óz ornı bar. Eger birneshe hápte, ay dawamında kúndelikli awqat quramında vitaminlerdiń birewi udayı jetispese, onıń organizmde orınlanatuǵın wazıypası buzıladı. Nátiyjede bir kesellik payda boladı.



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Vitamin sózi qanday mánini bildiredi?
2. Olardıń qansha túri bar eken?
3. Kesellik qalay payda boladı?



***2-tapsırma.*** Berilgen gápti buwınlarǵa bólip oqıń.

A-dam vi-ta-min-ler-di, tiy-ka-rı-nan, ó-sim-lik hám hay-wan ó-nim-le-ri-nen a-la-dı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# PALÍZ ÓNIMLERI



***1-tapsırma.*** Berilgen tekstti oqıń. Qanday paydası bar ekenin túsindiriń.



*A, B, C, D, E* vitaminleri bar. Ol densawlıqtı bekkemleydi. Kóriw qábiletin jaqsılaydı. Onı hár kúni jew paydalı.



Este saqlawdı jaqsılaw ushın paydalı. Uyqısızlıqtan, qanı azlıqtan qutılıw ushın bolgar burıshın kóbirek awqatqa salıp jegen jaqsı boladı.



Paydalı qásiyetleri áyyemnen belgili. Onda kaliy, kalciy, temir hám natriy bar.



***2-tapsırma.*** Jumbaqlardı oqıń hám sheshimin tabıń. Qanday degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

Sarı, qızıl túrleri,
Jer astında kógerer,
Japıraqlar jaz kúnleri,
Kóp awqatqa dám berer.



Atızda hám parnikte
Ósedi, ol hár jılı,
Dasturqanǵa sán bermekte,
Sopaqlı, jasıl túrleri.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıń. -ıraq, -irek qosımtası menen kelgen sózlerdi tabıń hám neni salıstırıp turǵanın túsindirip beriń.

Azıqlıq zatlardaǵı *A* vitamini awqat pisirgende, ónimlerdi qaqlaǵanda tarqalıp ketedi. *A* vitamini pispegen geshirge qaraǵanda pisirilgen geshirde eki ese azıraq boladı. Demek, geshirdi tazalap, pispegen halında jew kóbirek payda beredi eken.

Eki nárseni bir-birine salıstırıw ushın -ıraq, -irek, -law, -lew qosımtalarınan paydalanamız. Úlken-úlkenirek, kók-kóklew



***2-tapsırma.*** Súwrette kórsetilgen ónimlerdiń atın aytıń. Olardı qanday awqatlardı tayarlawda paydalanamız?



***Úlgi:*** Piyaz – bizdi bakteriya hám mikroblardan qorǵaydı. Derlik barlıq awqatlardı tayarlawda paydalanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# *A* VITAMINI

*A* vitamini, tiykarınan balıq mayı, sarı may, sút, máyektiń sarı uwızı, balıq uwıldırığı hám basqa haywan ónimlerinde boladı. Ósimliklerden geshir, pomidor, erik hám qızıl burıshta bul vitamindi payda etetuğın element boladı. *A* vitamini organizmniń ósiwi hám rawajlanıwına tásir etedi. Balalar awqatında *A* vitamini jetispegende, olardıń boyı hám shashları jaqsı óspeydi, tisleriniń forması buzıladı. Ókpe hám ishektiń asqınıwları baqlanadı. Adam hár kúni 1 gramǵa jaqın *A* vitaminin qabıl etiwi kerek.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. *A* vitamini qanday ónimlerde boladı?
2. *A* vitamini jetispese qanday kesellikler kelip shıǵadı?
3. Adam bir kúnde qansha *A* vitaminin qabıl etiwi kerek?



***2-tapsırma.*** Berilgen maǵlıwmattı hám jumbaqtı oqıń. Juwan dawıslı seslerdi aytıń.



**Pomidor** – quyash nurına qızarıp pisedi. Ol júrek hám asqazan ushın zárúr. Qanımızdaǵı qant muǵdarın baqlap turadı.

Domalaq piyaz sıyaqlı,
Ishi sarı, ishi aq.
Suwda, mayda pisedi,
Shóje bolar ol biraq.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ERIK

Japıraǵı teńgedey,
Sıldır-sıldır etedi.
Atam kúni-tún demey,
Tárbiya berip kútedi.

Sarı uwızday sap-sarı,
Shaqasında erikler.
Quwanıp awıl balaları,
Top-top bolıp kelip jer.

Kórse atam bulardı,
Beline salıp tayaǵın,
Jaynap-kúlip, turadı,
“Toyıp jeń” – der, – qaraǵım.

S. Ziyawov

***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Erikti kim egip tárbiyaladı?
2. Onı jegen balalarǵa nege ata baqırmadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Q hám ǵ sesi, k hám g seslerine itibar beriń. Dawıslıdan baslanǵan qosımta qosılǵanda q sesi ǵ sesine, k sesi sesine ózgeredi.

***2-tapsırma.*** Sózlerdi oqıń. Q-ǵ hám k-g sesleriniń jazılıwına itibar beriń.

| | |
|---|---|
| Erik – erigi | Qabıq – qabıǵı |
| Terek – teregi | Qabaq – qabaǵı |

***1-tapsırma.*** Súwrettegi ónimlerdiń atların aytıń.

Bul – , bul – , bul – , bul – .

***2-tapsırma.*** Berilgen tekstti buwınlarǵa bólip oqıń. Bir buwınlı sózlerdi aytıp beriń.



Eń qızıǵı, kartoshkanı da qabıǵınan ajıratıw shárt emes. Anıqlawınsha, kartoshkadaǵı *B* vitaminler toparı hám mikroelementlerden quralǵan azıqlıq zatlar tiykarınan onıń qabıǵında boladı eken.

***3-tapsırma.*** Oqıń hám jumbaqtıń sheshimin tabıń.

Sırtqı japıraq shaqası,
Jer astında miywesi.
Júredi awqat ornına,
Kópshiliktiń jer ası.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Berilgen súwrettegi zatlardıń atın tabıń hám buwınlarǵa bólip oqıń. Eki buwınlı sózlerdi aytıp beriń.



***2-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. *C* vitamini qanday ónimlerde boladı?
2. *C* vitamini jetispese qanday kesellikler kelip shıǵadı?

## *C* VITAMINI

*C* vitaminine bay ónimlerdi hámme de qabıǵı menen jey almaydı. Lekin qabıǵınan kóp ǵana úy biykeleri ónimli paydalanıwı sır emes. Citrus miywelerdiń qurıtılǵan cedrası tort, piroglardıń qamırı hám varenyelerge ózgeshe jaǵımlı dám baǵıshlaydı.

**Este saqlań**

*C* vitamini ıssılıq tásirinde hám ashıq hawada ańsat jemiriledi. Palız ónimlerin awqatqa salıwdan aldın tazalaw, kóp qaynatpaw, qaqpaǵın jawıp pisiriw kerek.

*C* vitamini metall ıdıslarda tez tarqaladı. Sonıń ushın palız ónimleri tek ǵana emallı ıdıslarda pisiriledi. Palız ónimli awqat piskennen soń tez jeliniwi kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Súwrettegi miywe atların aytıń.

Bul , bul , bul ,

Bul , bul , bul – .

***2-tapsırma.*** $B_1$ vitamini haqqında maǵlıwmatlardı oqıń. Ondaǵı zattıń atın bildiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

$B_1$ vitamini dánli hám sobıqlı eginler dáninde hám máyektiń sarıuwızında, az muǵdarda ayırım palız eginleri hám miywelerde, yaǵnıy geshir, kapusta, piyaz hám alma miywesinde boladı. Awqatta $B_1$ vitamini jetispegende tamır tartılıp, qol-ayaq bulshıq etleri islemey qaladı.

***3-tapsırma.*** Jumbaqtıń sheshimin tabıń.

Piskenshe qabıq ishinde,
Jasırınıp jasaǵan.
Jasırınǵan qabıǵı,
Japıraqqa usaǵan.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## ÁNAR

Jayılıp ósedi,
Baǵımda ánar,
Jemisi piskende,
Gúl kibi janar.

Ánardıń ishkende,
Shıpalı suwın,
Boyıma kúsh enip,
Jasardı buwın.

Shıpalı vitamin,
Onda kóp eken.
Awırǵan adamǵa,
Ánar em eken.

Atama ırzaman,
Ósirgen ánar.
Shiresin jutqanda,
Janım ház tabar.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ánardıń suwı haqqında neler aytılǵan?
2. Ne ushın atadan minnetdar boldı?

***2-tapsırma.*** Sózlerdi oqıń. Q-ǵ sesleriniń jazılıwına itibar beriń.

Ánar miywesin qabıǵı menen jew múmkin demeymiz. Tek ǵana miywe ishindegi dánesheler-

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

den tısqarı qattı qabıǵı da paydalı ekenligin jáne bir márte esletip ótpekshimiz. Ánar qabıǵı bir qansha infekciyalarǵa qarsı dawa quralı esaplanadı. Biraq biz onı diareyaǵa qarsı qural sıpatında jaqsı bilemiz. Ánar qabıǵı hám de nabat qaynatpası ish ótiwine qarsı isenimli qural esaplanadı.

**Sózlik**

**Diareya** – kesellik atı, ish awırıwı.

***1-tapsırma.*** Tekstten zattıń atın bildiretuǵın sózlerdi tabıń.

*D* vitamini organizmdegi kalciy hám súyeklerdiń qáliplesiwinde úlken áhmiyetke iye. Bul vitamin jetispegende balanıń súyekleri durıs qáliplespeydi, ayaqları qıysıq ósedi, qarnı úlkeyedi. Balıq mayı, bawır, sarı may, balıq uwıldırıǵı, máyek *D* vitaminine bay boladı. Quyash nurı tásirinde *D* vitamini sintezlenedi. Sonıń ushın jas balalardı azanda hám keshqurınları ashıq hawada seyil ettiriw kerek.

***2-tapsırma.*** Súwrette kórsetilgen zatlardıń atların aytıń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# PALÍZ EGINLERIN QALAY JETISTIREDI?



***1-tapsırma.*** Berilgen tekstten háreketti bidiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

Kóp keselliklerdi emlew ushın tábiyat ónimlerinen paydalanamız. Mısalı: jóteldi dawalaw ushın túrpiniń suwın palǵa aralastırıp ishiw kerek.

Grippten saqlanıw ushın ádiraspan tútetiw paydalı. Ádiraspan tuqımınıń birneshe danasın suw menen ishiw kerek.

Jaralardı emlew ushın atqulaqtan jaqsı nárse joq. Ánardıń suwı hám qabıǵınıń qaynatpası ish awırıwǵa qarsı qollanıladı.



***2-tapsırma.*** Súwrette berilgen azıqlıq ónimlerden paydalanıp, kesteni toltırıń.

| Miyweler | Palız eginleri |
|---|---|
| 1. | 1. |
| 2. | 2. |
| 3. | 3. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Súwretlerden diyqan miynetin izbe-iz aytıp beriń.



***2-tapsırma.*** Súwretlerdegi zatlardıń atların aytıń.



***3-tapsırma.*** Háreketti bildiretuǵın sózlerge gáp qurań.

Tuqım sebiw – Gúlsara salma jaǵasına gúl tuqımın septi.

Egiw – ektim. Men atızǵa shiye nálın ektim.

Awdarıw, egiw, suwǵarıw, topıraǵın jumsartıw, terip alıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ARASÍNDAǴÍ PARQTÍ TAP



***1-tapsırma.*** Súwretlerge dıqqat penen qarap, jeti ózgeristi tabıń.





1. Sanlardı tabıwda qanday qıyınshılıqlar boldı?
2. Bul shınıǵıwdı orınlawda bizge qanday qábilet kerek boladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# AQ TEREK PE, KÓK TEREK?



***1-tapsırma.*** "Aq terek pe, kók terek?" oyınınıń oynaw tártibin izbe-izligi menen aytıp beriń.

*Birinshi tárep:* Aq terek pe, kók terek,
Bizden sizge kim kerek?

*Ekinshi tárep:* Tazalıqlı, tártipli,
Beriń, bizge Artıqtı.

*Birinshi tárep:* Aq terek pe, kók terek,
Bizden sizge kim kerek?

*Ekinshi tárep:* Minezi jatıq minayım,
Kerek bizge Gúlayım.



***2-tapsırma.*** "Aq terek pe, kók terek?" oyınındağı hárbir oqıwshığa berilgen minez-qulqı haqqındağı sózlerge itibar berip oqıń. Siz klasıńızdağı doslarıńızğa qanday táriyip bergen bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***1-tapsırma.*** Tekstti oqıń. Teksten asıq oyınına tiyisli bolǵan sózlerdi anıqlap alıń hám aytıp beriń.

Mine, búgin de quyash sáskelikke tireldi. Tús bolǵanın umıtıp qalmayın degen oy menen qayta-qayta quyashqa qaray beremen. Asıq oyını bolsa qızıp ketken. "Pesha-pesh", "ya jampıq", "Jup alshı" dan balalardıń awzı tınbaydı. Búgin ásirese, Sayıptıń dawı gújip ketti. Al, meniń dawım júrmey qaldı. Kúyip-pisip otırman. Tús waqtı tirelip kiyatır. Úyge qaytıwǵa da bolatuǵın emes. Bir qalta asıǵım sap boldı. Uttırıp-uttırıp qalay kete beremen? Minekey, oyınnıń aqırına saqlap otırǵan eń sońǵı shábbemdi saldım. Bul ketse, wassalam! Íǵbalıma bir degennen alshı bastı. Quwanǵanımnan júregim jarılıp kete jazladı.

T. Qayıpbergenov



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***2-tapsırma.*** Jumbaqtı oqıń.

Alshı hám tiye,
Turadı tikke.
Geyde túsedi,
Shikke hám pukke.



## MIYWE SHERBETLERI

Úlkemizde ósetuǵın palız eginleri hám miywelerdi azıqlı awqat retinde paydalanıw arqalı densawlıǵımızdı bekkemley alamız. Insan ushın miywelerdi jew qanshelli paydalı bolsa, miywe sherbetlerin ishiwdıń de densawlıqqa úlken tásiri bar.



**Asqabaq sherbeti.** Bir yarım kilogramm asqabaq tazalap alınadı hám kespelep, qazanǵa salıp, kespeler batqanınsha suw quyıp qaynatıladı. Ol suwda piskennen soń qırǵıshtan ótkeriledi. Eger ezilgen pyure qoyıw bolsa, qaynaǵan suw quyıladı. Zárúrligine qaray qumsheker, limon kislotasın, bolmasa yarım limonnıń óziniń suwın sıǵıp ezip qosıp qaynatıladı.



**Erik sherbeti.** Erikti juwıp tazalap shańǵalaǵınan ayırıladı. 3 kilogramm erikke bir



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yarım litr suw quyıladı. Ídısta gazde 15 minut qaynatıladı. Elekte súzemiz hám qabıǵı alınǵannan soń hámmesin súzip alıp, gazde qaynatıladı. Qaynatılǵan erikke 250 gramm qumsheker salınadı da jáne 15 minut qaynatıladı. Bul sherbet júrekke, isheklerge júdá paydalı.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Asqabaqtıń sherbeti qalay tayarlanadı?
2. Erikten sherbet tayarlaw jolları qanday?



***2-tapsırma.*** Teksten sandı bildiretuǵın sózlerdi zattıń atı menen qosıp anıqlań hám aytıp beriń.

Yarım limon, 3 kilogramm erik, ... ...













*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SPORTSHÍLAR MENEN SÁWBETLESIW



***1-tapsırma.*** Hárbir topar bir sport túri haqqında bir-biri menen sáwbetlesedi, maǵlıwmatlar jıynaydı hám aytıp beredi.



1. Futbolda neshe adam oynaydı?
2. Onı qay jerlerde oynawǵa boladı?



1. Xokkey qay jerde oynaladı?
2. Oyınǵa neshe topar qatnasadı?



1. Tennis qalay oynaladı?
2. Densawlıqqa qanday tásiri bar?



***2-tapsırma.*** Súwterlerge qarap, sózlerdiń birlik yaki kóplik sanda ekenligin anıqlań.

Sportshı  sportshılar 

gimnastikashı  gimnastikashılar 

Top  toplar 

Tennis sharigi 



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-tapsırma.*** Súwretlerdegi zatlardıń qaysı sport túrine tiyisli ekeniligin tabıń.



Sózge -**lı** qosımtasın qossańız, sol nárse bar ekenin bildiredi, -**sız** qosımtasın qossańız sol nárseniń joq ekenin bildiredi.
*Mısalı:* duz-**lı**, duz-**sız** ...



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**2-tapsırma.** Berilgen sózlerge -li, -lı, -siz, -sız qosımtaların qosıp aytıp kóriń.

Kúsh < ... / ...   suw < ... / ...   zıyan < ... / ...

Yod < ... / ...   limon < ... / ...   gósh < ... / ...

## BOKS USTASÍ



**Erkinbay Qutıbaev** – biziń maqtanıshımız. Ol Muay-Tay boks túri boyınsha bes márte jáhán chempionı. Ol Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen sport ustası.

Ol Tayboks hám Kikboks túri boyınsha jeńimpaz bolıp, elimiz bayraǵın álemge tanıtqan.



***1-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Erkin Qutıbaev qaysı sport túri menen shuǵıllanǵan?
2. Ol qanday tabıslarǵa erisken?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



***2-tapsırma.*** Berilgen sport kiyimlerine qarap sport túrin anıqlań.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Bekkemlew



***1-tapsırma.*** Súwrettegi haywanlardıń insanǵa qanday xızmet etetuǵınlıǵın aytıń.















*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***2-tapsırma.*** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Palız ónimleriniń qanday paydası bar?
2. Milliy oyınlardıń qanday túrlerin bilesiz?

***3-tapsırma.*** -ım, -im qosımtasın qosıp gáp qurań.



## MEN NELERDI ÚYRENDIM?

**1-tapsırma.** Sorawlarǵa juwap beriń.

1. Sporttıń qanday túrlerin bilesiz?
2. Belgili sportshılardan kimlerdi bilesiz?
3. Milliy oyınlardıń qanday túrlerin bilesiz?

**2-tapsırma.** Qosıqtı oqıń. Atanıń densawlıǵı ne ushın bekkem ekenligi, salamat bolıw haqqında sáwbetlesiń.

## MENIŃ ATAM

Sap denede sap aqıl,
Ózi sıylı eline.
Tik júredi bárhama,
Búgilmegen beli de.

X. Saparov



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*O'quv nashri*

# ONA TILI VA O'QISH SAVODXONLIGI

**1-QISM**

**Umumiy o'rta ta'lim maktablarining 1-sinfi uchun darslik**

*(Qoraqalpoq tilida)*

Xudojnik Nigora Nusratova

Redaktor *Sarbinaz Tóremuratova*
Kórkem redaktor *Sarvar Farmonov*
Texnik redaktor *Akmal Sulaymanov*
Dizayner *Dilmurad Mulla-Axunov*
Korrektor *Katira Atamuranova*
Operator dizayner *Hilola Sharipova*

Basıwǵa 07.09.2021-jılda ruxsat etildi. Ólshemi 60x84 $^1/_8$.
Arial garniturasi. Kegli 18 shponli. Ofset baspa.
Shartli baspa tabaǵı 12,02. Nashriyot-hisob tabaǵı 9,78.
Adadi 14 580 nusqası. Buyırtpa № 70-21.

«Yangiyul Poligraph Service» JSHJ baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
112001. Tashkent wálayatı, Yangiyol qalası,
Samarqand kóshesi, 44-úy.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste

| T/n | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası | Sabaqlıqtıń qaytıp tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegishe bahalawǵa muwapıq toltırıladı

| Jańa | Sabaqlıqtıń paydalanıwǵa birinshi berilgendegi jaǵdayı |
|---|---|
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw hám sızıwlar joq. |
| Qanaatlanarlıq | Muqaba jazılǵan, birqansha sızılıp, shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlıq ońlanǵan. Kóshken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandırmaydı | Muqaba sızılǵan, ol jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsız ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklewge bolmaydı. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE